

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Unsur semiotik nu kapaluruh dina Kasenian Sasapian mangrupa ma'na nu disilokakeun ngaliwatan ikon, indéks jeung simbol. Lian ti éta, dina maluruh unsur semiotikna, objék panalungtikan dianalisis ngagunakeun tiori semiotik Charles Sanders Peirce nu ngawengku ikon, indéks jeung simbol. Ieu hasil panalungtikan téh dipaluruh ngaliwatan métode déskriptif kualitatif pikeun ngadéskripsikeun hasil panalungtikan ngaliwatan wangun narasi.

Anapon téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun jeung ngolah data tina ieu panalungtikan nya éta ngaliwatan talaah pustaka, obsérvasi, wawancara jeung dokuméntasi kalayan instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *handphone*, kaméra (foto), jeung pedoman wawancara.

Dumasar rumusan masalah dina panalungtikan, sabada dipaluruh ieu panalungtikan ngagambarkeun ngeunaan: (1) sajarah Kasenian Sasapian; (2) prak-prakan dina Kasenian Sasapian; (3) unsur semiotik dina Kasenian Sasapian; jeung (4) Kasenian Sasapian cocog pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran dumasar faktor kabutuhan siswa dina maca artikel di kelas XII SMA.

Sajarah dina ieu kasenian nyaéta Kasenian Sasapian ngadeg dina taun 1942 ku Abah Madi nu dibantuan ku Abah Ondo jeung Abah Atam. Saméméh taun 1945, Kasenian Sasapian sok dipaké dina ritual tatanén jeung ngaruat sumber cai nu mibanda tujuan pikeun ngébréhkeun rasa sukur ka Nu Mahakawasa ngaliwatan ieu kasenian. Ti taun 1945, Kasenian Sasapian dipaké pikeun ngalambangkeun pajoangan urang Indonésia dina ngalawan panjajah urang Walanda. Urang Walanda dilambangkeun ku Sasapian, sedengkeun urang Indonésia dilambangkeun ku paninggaran nu mawa bebedilan, bebedogan, panakol, lodong jeung bureuleung, sarta kuda lumping. Ku kituna, ieu kasenian rutin dipintonkeun nalika acara miéling poé kamerdékaan Indonésia tanggal 17 Agustus.

Dina prak-prakan Kasenian Sasapian, dimimitian ku tradisi ngukus sasajén. Sapocé saméméh dipintonkeun, dina peutingna diayakeun ritual ngukus sasajén sarta isukna saméméh Kasenian Sasapian minton. Ieu kagiatan téh dilakukeun ku sesepuh atawa pawang Kasenian Sasapian di hareupeun Sasapian jeung pakakas nu rék digunakeun. Nalika prakna, nagaya mimiti nabeuh waditrana sarta sesepuh ieu kasenian ngayakeun kagiatan ngambat para karuhun pikeun ilubiung dina ieu kagiatan nu dilakukeun ku cara ngagebrag taneuh bari jajampéan di hareupeun sasajén jeung Sasapian nu geus disadiakeun. Majeng ka acara inti, dimimitian ku sesepuh kasenian nu ngalakukeun ibing sesepuh ngagunakeun gerakan silat. Sanggeus kitu, paninggaran asup milu ngibing bari mawa alat kapapancénanna, aya nu mawa Sasapian, bebedilan, bebedogan, panakol, lodong jeung bureuleung sarta kuda lumping. Kurang leuwih dua nepi ka tilu menit ngalakukeun gerakan ibing, asup kana kagiatan atraksi ngepung Sasapian bari ngalakukeun gerakan nu luyu jeung pakakas nu dibawana, alatan pormasi tilu urang di belah kenca jeung katuhu, sarta saurang nu mawa panakol di tengah hareupeun Sasapian. Nalika ieu atraksi lumangsung, pamaén Kasenian Sasapian geus aya nu mimiti teu sadar atawa kasurupan ku karuhun nu tadi geus diambat. Tuluy sesepuh nu ahli spiritual ngubaran nu kasurupan bari ngagunakeun karémbong beureum turun-tumurun ti sesepuhna.

Katitén data nu kapaluruh mangrupa waktu Kasenian Sasapian, sasajén, pakakas, jeung pamaén nu dianalisis dumasar tiori semiotika Charles Sanders Peirce ngawengku ikon, indéks jeung simbol. Tina hasil analisis, kapanggih aya 64 unsur semiotik, nu ngawengku 21 ikon, 4 indéks, jeung 39 simbol katitén tina hasil rékapitulasina nya éta ikon 32,8 %, indéks 6,3 %, jeung simbol 60,9 %. Tina hasil analisis unsur semiotik Peirce, katitén yén ikon nu kapaluruh aya dina pakakas nu digunakeun, bahan-bahan nyieun Sasapian, papakéan jeung pamaén Kasenian Sasapian. Indéks nu kapaluruh aya waktu lumangsungna jeung prak-prakanana. Anapon simbol nu kapaluruhna aya dina Kasenian Sasapian, prak-prakan, aturan dina nyieun Sasapian, waditra nu digunakeun jeung lolobana tina sasajén. Simbol-simbol nu aya dina Kasenian Sasapian mibanda harti jeung ma'na séwang-séwangan.

Sagala rupa hasil panalungtikan nu nyangkaruk dina unsur semiotik Kasenian Sasapian di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat bisa dijadikeun salasihiji alternatif bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda sarta alat évaluasi pikeun ngukur kamampuh siswa nu aya dina widang kasenian umumna, hususna dina artikel Kasenian Sasapian nu mibanda ma'na pikeun kahirupan masarakat. Ieu artikel kasenian ogé luyu jeung KIKD pangajaran basa jeung sastra Sunda dina matéri ngeunaan artikel di kelas XII SMA. Ku kituna, siswa bisa wanoh jeung maham kana déskripsi Kasenian Sasapian jeung unsur semiotik nu nyangkaruk dina Kasenian Sasapian ngaliwatan maca artikel ngeunaan budaya.

## 5.2 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan aya sababaraha mangpaat jeung rékoméndasi, boh keur nu nyusun boh keur masarakat Désa Cihideung. Sabada ngayakeun ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikawanoh sajarah, prak-prakan, jeung unsur semiotik nu aya dina Kasenian Sasapian. Lian ti éta, ieu panalungtikan ogé bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan kasenian Sunda. Sangkan ieu panalungtikan téh bisa leuwih mangpaat, aya sababaraha rékoméndasi nu baris ditepikeun di antarana. **Pamaréntah**, dipiharep ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun arsip pikeun bahan tingkesan buku bacaan kabudayaan jeung kasenian Jawa Barat sangkan Kasenian Sasapian bisa leuwih dipikawanoh ku balaréa tur teu tumpur ku waktu. Ku ayana buku ngeunaan kabudayaan jeung kasenian, generasi anyar bisa wanoh sarta bisa leuwih ngarojong kana kamekaran budaya di unggal wewengkonna. **Masarakat**, sangkan Kasenian Sasapian bisa tuluy ngigelan jaman, dipiharep masarakat leuwih ngariksa jeung nanjeurkeun deui budaya nu aya di sabudeureunna sarta leuwih mikareueus kana budaya nu aya di Jawa Barat, hususna di wewengkonna séwang-séwangan. **Guru**, dipiharep ieu hasil panalungtikan bisa ngaronjatkeun pangaweruh guru dina nyaluyukeun bahan pangajaran maca salasihijina ku cara ngalarapkeun materi nu medar unsur semiotik nu aya dina Kasenian Sasapian pikeun dijadikeun bahan pangajaran. Anapon sangkan saluyu jeung KIKD di SMA kelas XII, ieu hasil panalungtikan nu medar ngeunaan bahan pangajaran maca artikel budaya geus bisa disebut luyu

Desy Ratnasari, 2017

**UNSUR SEMIOTIK DINA KASENIAN SASAPIAN DI DÉSA CIHIDEUNG KACAMATAN PARONGPONG  
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL  
BUDAYADI KELAS XII SMA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung bahan ajar nu dibutuhkeun guru. **Siswa**, ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep siswa bisa leuwih mikawanoh tur mikareueus kasenian nu aya di tatar Sunda sarta leuwih maham kana unsur semiotik atawa ma'na nu nyangkaruk dina Kasenian Sasapian. **Panalungtik**, ieu panalungtikan saukur medar unsur semiotik dina Kasenian Sasapian. Sangkan leuwih euyeub deui ngeunaan Kasenian Sasapian, dipiharep aya panalungtikan séjén nu medar babagéan séjén dina Kasenian Sasapian saperti ajén sosial atawa ajén moral, nu bisa leuwih ngalengkepan data hasil panalungtikan.